PDF-XChange Viewer Click to buy NOW! www.docu-track.com



6. Tursunbaeva G.T., "Zamonaviy san'at ta'limi tizimi", Toshkent, 2021.
7. www.stat.uz, www.edu.uz

**REZYUME.** Ushbu maqolada Qoraqalpog'iston Respublikasida san'at ta'limi rivojlanishining ustuvor yo'nalishlari va tendensiyalari tahlil etilgan. Muallif hududda san'at ta'limining tarixiy ildizlari, madaniy merosi va amaldagi holati asosida mavjud yutuqlar va muammolarni yoritib bergan. Xususan, san'at ta'limi tizimida raqamli texnologiyalarni joriy etish, milliy san'atni targ'ib qilish, pedagoglar malakasini oshirish va ta'lim jarayonini modernizatsiya qilishga alohida e'tibor qaratilgan. Shuningdek, maqolada san'at ta'limining yosh avlod tarbiyasidagi estetik, axloqiy va ijtimoiy ahamiyati asoslab berilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В данной стате проанализировани приоритетные направления и тенденци развития художественного образования в Республике Каракалпакстан. Автор, опираясь на исторические корни искусства в регионе, а также на современное состояние системы, раскрывает достигнутые успехи и существуюшие проблемы. Особое внимание уделяется внедрению цифровых технологий, популяризации национального искусства, повышению квалификации педагогов и модернизации учебного процесса. Также в стате подчёркивается эстетическое, нравственное и социалное значение художественного образования в воспитании молодёжи.

**SUMMARY.** This artitsle analyzes the priority diretstions and trends in the development of art edutsation in the Republits of Karakalpakstan. The author highlights both the historitsal foundations and the tsurrent state of the region's art edutsation system, identifying key achievements and existing challenges. Spetsial emphasis is platsed on the integration of digital technologies, promotion of national art, professional development of edutsators, and modernization of edutsational pratstitses. The artitsle also outlines the aesthetits, moral, and sotsial importantse of art edutsation in shaping the younger generation.

## MÁDENIYAT MÁKEMELERINDE BOS WAQÍTTÍ SHÓLKEMLESTIRIWDIŃ ÁHMIYETI

**G.A.Saparbaeva** – *docent*
*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*

**Tayanch so'zlar:** madaniyat, san'at, mana'viyat, bo'sh vaqt, to'garak, ijodiy, dam olish.
**Ключевые слова:** искусство, духовность, досуг, кружок, творчество, отдых.
**Key words:** art, spirituality, leisure time, club, creative, recreation.

Jańa Ózbekstannıń mádeniy hám ekonomikalıq rawajlanıw nátiyjesinde orın algan qatnasıqlardan ibarat sociallıq-ekonomikalıq, sociallıq-mádeniy hám mádeniy dem alıwdı shólkemlestiriw ózgeshelikleriniń turli modellerinde úlken ózgerisler tiykarında zaman talabı bolıp tabılmaqta.

Ózbekstanımızda ámelge asırılıp atırgan misli kórilmegen ózgerisler hám shın mánisindegi insan máplerin gózleytugın reformalardıń gúwası hám qatnasıwshısı bolıp turmız. Haqıyqatında da, mámleketimizdiń jańa kelbeti qáliplespekte. "Jańalanıp atırgan Ózbekstan dúnya jámiyetchiligine ashıq mámleket sıpatında kirip barmaqta. Jańa Ózbekstandı qurıw, mámleketimizde demokratiyalıq, huqıqıy, adamgershilikli, ádil, sociallıq mámleketti qurıw "Insan - jámiet - mámleket","Insan qádiri ushın", "Xalıq mámleketlik uyımlarga emes, mámleketlik uyımlar xalıqqa xızmet etiwi kerek", "Mámleket - insan ushın" degen iygilikli ideya hám principler tiykarında alıp barılmaqta". [1.3]

Atap aytqanda, sociallıq ortalıqtıń ajıralmas bólegi sıpatında Ózbekstandagı mádeniyat hám kórkem óner tarawı mákemeleriniń iskerliginde jámiyetlik turmıstıń barlıq tarawlarındagı siyaqlı túpkilikli ózgerisler júz bermekte. Hár bir adamnıń ulıwma jámiyettiń qádiriyat bagdarları, turmıslıq maqsetleri ózgerip barmaqta. Mádeniyat mákemeleri iskerliginde sheshimin tapqan wazıypalar: jámiyettegi insanlardıń bos waqtın mazmunlı ótkeriw, olardı zárúrli xabarlar menen tanıstırıw,mánáwiy jetikligin támiyinlewden ibarat bolsa, tiykarınan bos waqıt haqqında ilimiy kóz qarasta - bul insannıń turmıslıq funkciyaların qayta tiklewge hám fiziologiyalıq mútájliklerin ámelge asırıw ushın zárúrli bolgan waqıt dep esaplanadı. Sonıń menen bir qatarda, bos waqıttı ámelge asırıwda shaxstıń o'z qálewine qaray ma'náwiy hám fizikalıq rawajlanıwı, dem alıwı uchun jumsalatugın waqıt bolganlıgı ushın shaxstıń erkin iskerlik hám kamalatı ushın zárúrli bolgan haqıyıqy baylıgı , sonıń ishinde, mádeniy dem alıwdı shólkemlestiriwshi mádeniyat mákemeleri xızmetkerleri hám professional

PDF-XChange Viewer Click to buy NOW! www.docu-track.com

PDF-XChange Viewer Click to buy NOW! www.docu-track.com

qánigelerdiń jumısların amelge asırıw ushın wazıypalar belgilenedi.

Mádeniy dem alıwdı shólkemlestiriw eki ózgeshelik penen sıpatlanadı:

• bul jumısqa tek kásip sıpatında ǵana emes, al ishki mútájlik sıpatında qatnasta bolıw;

• bos waqıttıń únemli paydalanıwı menen erisilgen nátiyje.

Mádeniy dem alıwdı shólkemlestiriw jumısı shaxs tárepinen iskerlikte motivaciyanıń nátiyjesinde sharayatlar jaratıwdıń maqsetke baǵdarlanǵan processi hám insannıń mútájlikleri hám mápleri menen belgilenetuǵın dem alıs salasında ruwxıy hám materiallıq qádiriyatlardı ózlestiriwge, saqlawǵa, islep shıǵarıwǵa hám tarqatıwǵa járdem etiwshi kommunikaciyalıq process (qabıl etiw hám qatnasıqta bolıw) processi sıpatında qarap shıǵıladı. Mádeniy dem alıwdı shólkemlestiriw jumısınıń specifikalıq forması sıpatında, onıń negizi auditoriyanı mádeniy dem alıwdıń belsendiligine baǵdarlawdan ibarat.

XX1-ásirdiń basınan baslap bos waqıt kóleminiń kóbeyiw hám dem alıwdıń jámiyetlik qádiriyat sıpatındaǵı qunlılıǵınıń ósiw tendenciyası baqlanbaqta, sebebi shaxstıń óz múmkinshiliklerin ashıp taslaw, hár qıylı zárúrliklerin hám máplerin qanaatlandırıw ushın keń imkaniyatlarǵa iye.

Mádeniy dem alıwdı shólkemlestiriw - insandı dóretiwshilik, pozitiv keypiyatlar, motivaciya, qatnasıqlar arqalı mádeniyatqa tartıwǵa hám olardı jámáátshilikte óz ornına iye shaxs sıpatında, salamat pikirlewge umtıldıradı. Belgili bir sociallıq-mádeniy sharayatlarda payda bolatuǵın mádeniy hám sociallıq mútájlikler onı túrli usıllarda shólkemlestiriw hám onnan kútiletuǵın nátiyjelikler menen baylanıslı. Dem alıwdıń forması hám mazmunı konkret jámiyettiń mádeniyatı sheńberinde qáliplesedi hám dem alıwdıń mádeniyat penen baylanıslı potencialın ámelge asırıw turmıs iskerliginiń bul salasına professional iskerliklerdiń talabı kútiledi.

Házirgi zaman jámiyeti dem alıwdı shólkemlestiriw salasındaǵı tendenciyalardı, basqa ellerde dem alıwdı shólkemlestiriwdiń ámeliy hám teoriyalıq ideyaları hám texnologiyaların úyreniw zárúrligin keltirip shıǵarıwshı bir neshe ózine tán wazıypaları menen sıpatlanadı:

• jámiyette mádeniy-mánáwiy jumıstı shólkemlestiriwdiń ruwxıy-dúnya tanıwshılıq tiykarlarınıń ózgeriwi;

• sociallıq-mádeniy jumıstıń ekonomikalıq, bos waqıt salasında isbilermenlikti rawajlandırıw zárúrligi;

• sociallıq-mádeniy jumıstıń sociallıq hám shaxsiy rawajlanıwda xalıqtıń real mútájlikleriniń kóp túrliligi menen baylanıslılıǵı.

Kulturologiya hám sociologiya tarawındaǵı qánigeler házirgi Ózbekstannıń sociallıq-ekonomikalıq jaǵdayı sharayatında dem alıwdıń mádeniyat tuwdırıwshı potencialınan paydalanıwdı optimallastırıw ushın bir neshe wazıypalardı kórip shıqqan. Bul, bos waqıtta sociallıq-mádeniy jumıstı insannıń mápi ushın zárúrligin, onı dem alıs tábiyatına tán bolmaǵan ideologiyalıq hám óndirislik funkciyalardan azat etiwdi, dástúriy mádeniyattıń hám ulıwmainsanıylıq qádiriyatlardıń milliy formaların aktuallastırıwdı atap ótken. Áhmiyetli faktorlarda xalıqtıń keń qatlamları ushın mádeniy dem alıwdı shólkemlestiriw jumısına qatnasıqtıń materiallıq, mánáwiy, huqıqıy, psixologiyalıq - pedagogikalıq hám shólkemlestiriwshilik - metodikalıq támiyinlew kerekligi, mádeniyattı kommerciyalastırıwdan hám sociallıq ádalatlıq principleriniń buzılıwınan qorǵawdıń mámleketlik kepilligin jaratıw, adamlardıń bos waqıtlarınan racional paydalanıw salasında dóretiwshilik erkinligin hám jámiyetlik baslamalardı xoshametlew sistemasın jaratıw, sonday-aq, xalıqtıń dem alıwın shólkemlestiriw bunnan-bılayda ruwxıy hám fizikalıq rawajlanıwdı támiyinlewshi mádeniy dem alıw zamanagóy baǵdarlamaların islep shıǵıw hám ámelge asırıw zárúrligi tuwıladı. Jámiyettiń ruwxıy turmısınıń talaplarına juwap beriwshi mádeniy dem alıwdıń dóretiwshiligi infrastrukturasın hár tárepleme rawajlandırıw, dem alıwdıń mádeniy oraylarín jetilistiriw, jańadan jámiyetlik, mámleketlik oraylardı dúziw, mádeniyat hám dem alıw salasındaǵı bilimlendiriwdi túpkilikli qayta qurıw, onı XX1 ásirdiń basındaǵı ilimiy-texnikalıq, sociallıq hám ruwxıy progress talaplarına juwap beriwshi jańa iskerlik dárejesine jetkeriw múmkinshiligi talap etiledi. Dem alıwdı shólkemlestiriw ushın qánigelerdi tayarlawdıń sapasın jańa dárejege kóteriwdiń eń sheshiwshi faktorlarınıń biri bilim kónlikpelerin meńgeriw menen zamanagóy is usılları talap etiledi.

Bos waqıt aqıl hám fizikalıq uqıplılıqtı rawajlandırıwǵa, sonday-aq, sociallıq mútájliklerdi qanaatlandırıwǵa járdem beriwshi waqıt esaplanadı. Bos waqıt strukturasında bos waqıt dem alıw hám joqarı kóterińki iskerlik penen shuǵıllanıw insannıń jámiyette belsendiligin asıwshı túsinik. Házirgi zaman basqıshında bos waqıt dem alıwdıń ruwxıy hám fizikalıq kúshlerin qayta tiklew boyınsha shuǵıllanıw, kópshilik dárejede dem alıwdıń zárúrligi dep bilsek, al joqarı nátiyjeli iskerlik penen shuǵıllanıw waqtın shaxstıń rawajlanıw waqtı sıpatında qaraymız.

Bos waqıt túsiniginde, insannıń sol processti durıs paydalanıw uqıblıǵına erisiwi menen óz

PDF-XChange Viewer Click to buy NOW! www.docu-track.com

PDF-XChange Viewer Click to buy NOW! www.docu-track.com

qunlılıǵın asıradı. Bos waqıt dem alıw menen tuwılıwshı erkinlik bolıp, ol háreketsizlik emes, al, dem alıwǵa, waqtın kewilli, paydalı, mazmunlı ótkeriwge, óziniń uqıplıǵın ámelge asırıwǵa, kerekli maǵlıwmatlardı úyreniwge waqıt sarplaw múmkinshiligi bolıp tabıladı.

Bos waqıt dem alıw – bul minnetli háreketlerden tısqarı, jumıstan tısqarı waqıttıń bir bólegi bolıp, bunda, adamnıń ruwxıy hám fizikalıq kúshlerin qayta tiklewge jumsaladı. Onıń strukturasına óz betinshe bilim alıw, mádeniyatqa jantasıw, yaǵnıy kitap oqıw hám mádeniyat hám kórkem óner mákemelerine barıw, jámiyetlik belsendilik, ilimiy-texnikalıq, háweskerlik dóretiwshilik, estetikalıq, hár qıylı dógereklerge qatnasıw processleri kiredi.

Eger bos waqıttı jámiyetlik turmıs poziciyası sıpatında qaraytuǵın bolsaq, ol turaqlastırıw, keskinlikti joq etiw, jámiyetliktik tartıslardıń aldın alıw, awızbirshilikti bekkemlew, insanlardıń óz ara múnásebeti, mánáwiy qatnasıq, shaxstıń quwanıshı hám mútájliklerin qanaatlandırıw ushın áhmiyetli sanaladı.

Mámleketlik rawajlanıw strukturası mádeniyattıń milliy qádiriyatlarǵa baǵdarlanıwın belgileydi. Atap aytqanda, shaxstıń paydalı iskerlikke qatnasıwı, yaǵnıy, turmısta jaqsılıqqa baǵdarlanıwshı iskerliktiń mazmunın joqarılatıw zárúr bolsa, bos waqıt – shaxstıń onı durıs paydalanıwı hám rejelestiriwi áhmiyetli bolıp tabıladı. Bul processtiń abzallıǵı tárbiya menen baylanıslı ekenligin bilemiz.” “Tárbiya processiniń tiykarǵı nátiyjesi - hár tárepleme hám úyǵınlı túrde kamal tapqan joqarı mánáwiyatlı shaxstı qáliplestiretuǵın process”. [2.19]

Mádeniyat oraylarında bos waqıttı shólkemlestiriwdiń usılları dem alıw baǵdarlamasınıń mazmunın bayıtıwda teoriyalıq negiz bolıp esaplanadı. “Mádeniy ilajlardı shólkemlestiriwdiń usılları: tárbiyalıq usıl, bilimlendiriw usılı,dóretiwshili usılı, shólkemlestiriw usılı”. [3.24] Bos waqıtta dem alıwdı shólkemlestiriwdiń wazıypası insanlarǵa jaqsılıq hám quwanıshlı keypiyattı baǵıshlawdan ibarat. Puxta hám sheberlik penen shólkemlestirilgen dem alıw waqtı adamlardıń jarqın, emocionallıq tásirlerge bolǵan mútájliklerin qanaatladırıwǵa járdem beredi hám insannıń turmısta belsendiligin asıradı. Durıs shólkemlestirilgen kewilashar mádeniy ilajlardıń mazmunın bayıtıwda - tapqırlıqtı, dóretiwshi oyshıllıqtı, ziyreklikti, ótkirlikti, kreativ ideyalardı oylap tabıwda pikirlerdiń rawajlanıwına járdem beriw menen paydalı. Mádeniyat oraylardıń tiykarǵı wazıypası – xalıqtıń mádeniy dem alıswın shólkemlestiriw hám olardı zárúrli xabarlar menen tanıstırıw, mánáwiy jetiklikti támiyinlewden ibarat.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**

1. A.Mavrulov, M.Mavrulova. “Madaniayt nazariyasi”. Toshkent. Donishmand ziyosi. 2023 y. 351b.
2. B.S.Sayfullaev, V.K.Rustamov. Madaniy tadbirlarni tashkil etish mahorati.
3. G.A.Saparbaeva, P.Q.Paluaniazov. Mádeniy ilajlar.Nókis. Qaraqalpaqstan 2020. 79 b.
4. Haydarov A.H. “Ijodiy faoliyatini rejalashtirish va boshqarish”. O‘quv qo‘llanma.- Toshkent: Kamalak, 2019.-170b.
5. Umarov A.A., Bekmuradov M.B. Ijtimoiy-madaniy faoliyat tarixi, nazariyasi va uslubiyoti. Darslik.- Toshkent: Navro‘z, 2016.-205 b.

**REZYUME.** Madaniyat muassasalarida bo‘sh vaqt, dam olishning nazariy asoslari va bo‘sh vaqtni tashkil etishning ish uslublari mazmuni haqida keng tushunchalar beriladi. Bo‘sh vaqtni to‘g‘ri tashkil etish natijasida insonning ma’naviy kamolotini ta’minlash haqida so‘z yuritiladi.

**РЕЗЮМЕ.** В учреждениях культуры дается широкое представление о содержании досуга, теоретических основах отдыха и методах организации досуга. Речь идет об обеспечении духовного совершенства человека в результате правильной организации свободного времени.

**SUMMARY.** In cultural institutions, a broad understanding of leisure content, the theoretical foundations of leisure, and leisure organization methods is provided. This is about ensuring a person's spiritual perfection as a result of the proper organization of free time.